QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA USAQLAP HÁM KÓTERE SATÍW TOVAR AYLANÍSÍ

***Dáslepki maǵlıwmat***
***2024- jıl yanvar-mart***




***Sırtqı ekonomikalıq baylanıs hám sawda statistika bólimi***
***Тел. 61-222-67-45***

# USAQLAP SATÍW TOVAR AYLANÍSÍ



**Statistikalıq maǵlıwmatlar** jámiyette ámelge asırılıp atırǵan sociallıq-ekonomikalıq hádiyse hám processlerdi xarakteristikalaw hám basqarıwdıń eń áhmiyetli quralı esaplanadı. Házirgi waqıtta joqarı sapalı statistikalıq maǵlıwmatlardan paydalanbastan mámleket siyasatında durıs basqarıw qararların qabıllaw imkansız. Solar qatarında sawda statistikası kórsetkishlerin júzege keltiriw de áhmiyetli esaplanadı. Sol qatarda, kótere sawda hám usaqlap satıw sawdası hámde ulıwmalıq awqatlanıw kárxanaları sawda aylanısı statistikalıq kórsetkishi usılar qatarınan orın iyeleydi.

## Usaqlap satıw tovar aylanısınıń ósiw pátleri , % te




2024-jıl 1-aprel jaǵdayında usaqlap satıw tovar aylanısında sawda alıp barıp atırǵan sawda kárxanaları sanı **2 856** den ibarat bolıp, sodan iri kárxanalardıń sanı **83** dana, kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı **2773** dananı quraydı.

Sol qatarda, sawda tarawında yuridikalıq shaxs payda etpey turıp sawda alıp barıp atırǵan JTI ler hám (fizikalıq shaxslardıń ) gúzetiwleri arqalı jıynalǵan maǵlıwmatlar, usaqlap satıw tovar aylanısı kórsetkishlerine kiritilgen.

**Usaqlap satıw tovar aylanısı** – sawda tarawında juwmaqlawshı tutınıw ushın xalıqqa tovarlardı danalap yáki kóp bolmaǵan muǵdarlarda naq pulǵa (bank kartaları arqalı ) satıwdı kózde tutatuǵın taraw.

# USAQLAP SATÍW TOVAR AYLANÍSÍNDA IRI KÁRXANALAR, KISHI BIZNES BIZNES HÁM JEKE ISBILERMENLIK SUBYEKTLERINIŃ KÓLEMI HÁM ÓSIW PÁTLERI





Joqarıda atap ótilgen isbilermenlik subyektleri is ilajları nátiyjesinde, 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında respublikanıń usaqlap satıw tovar aylanısı **2 388,8** mlrd. somdı qurap, 2023-jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda **106,5** % ke jetti.

Atap aytqanda, iri kárxanalardıń tovar aylanısı **76,9** mlrd. somdı (ósiw páti **80,1**%), kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleriniń tovar aylanısı **2 311,6** mlrd. somdı (ósiw páti **107,7** %), usıdan shólkemlespegen sawda tovar aylanısı **330,2** mlrd. somdı (ósiw páti **119,9** %) quradı.

| | **Jámi mlrd. som** | **2023-jıl yanvar-mart aylarına salıstırǵanda procentte** |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2 388,5** | **106,5** |
| Nókis qalası | 501,5 | 108,0 |
| rayonlar: | - | |
| Ámiwdárya | 205,4 | 106,4 |
| Beruniy | 148,3 | 107,4 |
| Bozataw | 17,7 | 109,8 |
| Qaraózek | 106,0 | 104,9 |
| Kegeyli | 67,3 | 104,9 |
| Qońırat | 181,2 | 105,0 |
| Qanlıkól | 83,5 | 105,1 |
| Moynaq | 25,2 | 104,0 |
| Nókis | 70,3 | 107,9 |
| Taqiyatas | 97,3 | 102,4 |
| Taxtakópir | 79,2 | 106,5 |
| Tórtkúl | 274,8 | 104,5 |
| Xojeli | 210,0 | 106,8 |
| Shımbay | 126,8 | 111,4 |
| Shomanay | 50,7 | 106,3 |
| Ellikqala | 143,3 | 107,0 |

2024-jıldıń yanvar-mart aylarında, 2023-jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda respublikanıń Shımbay (**111,4** %), Bozataw (**109,8**%), Nókis (**107,9**%) rayonları hám Nókis qalasında (**108,0**%) usaqlap satıw tovar aylanısında úlesi joqarı boldı.

# AYMAQLAR KESIMINDE USAQLAP SATÍW TOVAR AYLANISÍ HÁM ÚLESI

*Úlesi, procentte*




Respublika usaqlap satıw tovar aylanısında eń joqarı úlesti Nókis qalası 21,0 % penen 501,5 mlrd. somdı quradı.

Respublika usaqlap satıw tovar aylanısında eń tómen úlesti bolsa, Bozataw rayonı 0,7 % penen 17,7 mlrd. somdı quradı.

2023-jıldıń mas dawirine salıstırǵanda, usaqlap satıw tovar aylanısında bárshe aymaqlarında ósiw páti gúzetildi.

*Kólemi, mlrd. som*



## Kishi biznes hám jeke isbilermenlik kárxanalarınıń eń joqarı ósiw pátine iye aymaqlar *(procentte)*

Kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleriniń usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi statistikalıq esap-kitaplarǵa qaraǵanda, **2 311,6 mlrd**. somdı qurap, 2023-jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda **7,7 %** ke kóbeydi. Respublika kóleminde bul sektordıń jámi usaqlap satıw tovar aylanısındaǵı úlesi **96,8 %** ti quradı.




## Iri kárxanalardıń eń joqarı ósiw pátine iye aymaqlar *(procentte)*

Usaqlap satıw tovar aylanısı quramında iri kárxanalardıń tovar aylanısı kólemi, 2023-jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda **80,1 %** ke ósti hám **76,9 mlrd**. somdı quradı. Bul ulıwma sawda kólemniń **3,2 %** úlesine tuwrı keldi.





# USAQLAP SATÍW TOVAR AYLANÍSÍNDA IRI KÁRXANALAR, KISHI BIZNES HÁM JEKE ISBILERMENLIK SUBYEKTLERINIŃ AYMAQLAR KESIMINDEGI ÚLESI,

*(procentte)*




Analiz nátiyjelerine tiykar usaqlap satıw tovar aylanısındağı kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleriniń úlesi boyınsha Qaraózek (**99,7 %**), Nókis (**99,8 %**) hám Qanlıkól (**99,9%**) rayonları jetekshilik etpekte. Usaqlap satıw tovar aylanısı quramındağı iri kárxanalardıń úlesi **3,2 %** ti qurap, eń joqarı úles Taqıyatas (**21,3%**), Beruniy (**5,1%**), Nókis qalası (**3,9%**) hám Tórtkúl (**3,5%**) rayonlarında gúzetildi.






## Aymaqlar kesimindegi maǵlıwmat,
*mıń. somda*

| | |
|---|---|
| Nókis qalası | 1 475,5 |
| Ámiwdárya | 966,4 |
| Beruniy | 721,9 |
| Bozataw | 809,6 |
| Qaraózek | 1 947,8 |
| Kegeyli | 898,6 |
| Qońırat | 1 331,5 |
| Qanlıkól | 1 548,3 |
| Moynaq | 750,2 |
| Nókis | 1 301,4 |
| Taqıyatas | 1 266,4 |
| Taxtakópir | 2 035,7 |
| Tórtkúl | 1 199,1 |
| Xojeli | 1 629,1 |
| Shımbay | 1094,8 |
| Shomanay | 872,3 |
| Ellikqala | 836,8 |

2024-jıldıń yanvar-mart ayları jaǵdayına ortasha xalıqtıń jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı **1 190,8** mıń. somdı (2023-jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda **105,1**%) quradı. Bul kórsetkishti aymaqlar kesiminde salıstırǵanda eń joqarı kólem Taxtakópir (2 035,7 mıń. som), Qaraózek (1 947,8 mıń. som) hám Xojeli (1 629,1 mıń. som) rayonları esabına tuwrı keldi.



Ishki sawda kórsetkishlerin payda etiwde shólkemlespegen sawda tovar aylanısı da esaplandı. Buǵan diyqan (azıq-awqat) bazarı hámde sharwa malları, quslar hám basqa haywanlar bazarında fizikalıq shaxslar tárepinen ámelge asırılǵan sawda kólemleri kiredi. Shólkemlespegen sawda quramına fizikalıq shaxslar (diyqanlar)dıń úy xojalıǵında óz kúshleri menen jetistirgen awıl xojalıǵı ónimleri esapqa alınadı.

**Aymaqlar kesiminde shólkemlespegen sawda tovar aylanısı ósiw páti,** *procentte*



# SHÓLKEMLESPEGEN SAWDA TOVAR AYLANÍSÍNDA DIYQAN HÁM SHARWA* (QUSLAR) BAZARLARÍNÍŃ TIYKARǴÍ KÓRSETKISHLERI

**Diyqan (azıq-awqat) bazarı** – keń túrdegi awıl xojalıǵı azıq-awqat ónimleriniń hám onı qayta islewden alınatuǵın ónimlerdiń sawda prilavka, sawda orınları, turaqlı sawda orınları (sol qatarda sawda pavilonları, kiyoskaları)nan paydalanǵan jaǵdayda usaqlap satıwdı júzege keltiretuǵın turaqlı yamasa waqtınsha ámel etiwshi múlkli kompleks esaplanadı

| | Jámi, mlrd. som | 2023-jıl yanvar-mart aylarına salıstırǵanda, procentte |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **217,7** | **128,7** |
| Nókis qalası | 32,6 | 176,2 |
| rayonlar: | | |
| Ámiwdárya | 19,5 | 155,0 |
| Beruniy | 22,3 | 138,1 |
| Bozataw | 5,5 | 175,0 |
| Qaraózek | 12,3 | 153,9 |
| Kegeyli | 9,1 | 99,6 |
| Qońırat | 10,3 | 96,6 |
| Qanlıkól | 5,3 | 75,4 |
| Moynaq | 3,6 | 165,2 |
| Nókis | 6,0 | 66,9 |
| Taqıyatas | 7,9 | 292,5 |
| Taxtakópir | 8,7 | 98,4 |
| Tórtkúl | 25,0 | 87,0 |
| Xojeli | 15,5 | 136,1 |
| Shımbay | 17,7 | 147,7 |
| Shomanay | 5,5 | 142,9 |
| Ellikqala | 5,3 | 94,6 |

** – xojalıq júrgiziwshi subyektler hám jeke tártiptegi isbilermenler (JTI) di qospaǵan jaǵdayda ;*

*–fizikalıq shaxslar (diyqanlar)dıń úy xojalıǵında óz kúshleri menen jetistirgen awıl xojalıǵı ónimleri hám sharwa (quslar) malları satılıwı esapqa alınǵan.*

## Aymaqlar kesiminde shólkemlespegen sawda tovar aylanısı ósiw páti, *procentte*




## Qala hám rayonlar kesiminde shólkemlespegen sawda tovar aylanısı kólemi *(mlrd. sum)*




Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında shólkemlespegen sawda tovar aylanısı **330,2** mlrd. somdı qurap, 2023-jıldıń yanvar-mart aylarına salıstırǵanda **119,9** % ti quradı. Sol qatarda, 12 bazar hám 12 bazar (sharwa) (aylıq) gúzetiwleri maǵlıwmatlarına tiykarlanıp, diyqan bazarlarda sawda tarawı menen shuǵıllanatuǵın fizikalıq shaxslardıń úy xojalıqlarında jetistirgen ónimlerin satıw kólemi **217,7** mlrd. somdı (**128,7** %), sharwa malları hám quslar satıwshı fizikalıq shaxslardıń sawda aylanısı kólemi **112,5** mlrd somdı quraydı **105,8** %)

2024-jıldıń yanvar-mart aylarında respublikanıń bárshe aymaqlarında jaylasqan diyqan bazarlarında awıl xojalıǵı ónimlerin satıwshı fizikalıq shaxslardıń tańlanba gúzetiwi ótkizildi. Gúzetiw nátiyjelerine tiykar sawda aylanısı kólemi **217,7** mlrd. somdı quradı. Bunda tiykarǵı úlken kólem jańa úzilgen awıl xojalıǵı ónimleri sawdasına (**99,2** mlrd. som) tuwrı keldi.

.

## Shólkemlespegen sawda aylanısında awıl xojalıǵı ónimleri sawdası kólemi hám úlesi

**Jańa úzilgen awıl xojalıǵı ónimleri**
99,2 *mlrd. som*

45,6%

**Nan hám nan ónimleri**
15,4 mlrd. som

7,1 %

**Dán ónimleri (másh, lobıya, gúrish hám basqalar)**
33,9 mlrd. som

8,6 %

**Tawıq góshi**
12,1 mlrd. som

5,6 %

**Qaqlanǵan awıl xojalıǵı ónimleri (ǵoza, badam, piste hám basqalar )**
6,9 mlrd. som

3,2 %

**Máyek**
11,7 mlrd. som

5,4 %

**Dámberiwshiler**
6,7 mlrd. som

3,1 %

**Sút hám sút ónimleri (sır, brinza,…)**
11,3 mlrd. som

5,2 %

**Sharwa malları hám quslar ushın hár qıylı jem-ot**
7,9 mlrd. som

3,6%

**Duzlanǵan ónimler**
7,6 mlrd. som

3,5%

**Gúller, ósimlik hám nálleri (dekorativ hám awıl xojalıǵı)**
5,0 mlrd. som

2,3%

**Azıq-awqat emes tovarlar**
- mlrd. som
- %

# SHÓLKEMLESPEGEN SAWDA TOVAR AYLANÍSÍ: SHARWA(QUSLAR) BAZARÍ, mlrd som



2024-jıldıń yanvar-mart aylarında respublikanıń bárshe aymaqlarında jaylasqan sharwa(quslar) bazarlarında quslar hám sharwa mallardı satıwshı fizikalıq shaxslar tańlanba gúzetiwi ótkerildi. Gúzetiw nátiyjelerine tiykar sawda aylanısı kólemi **112,5 mlrd.** somdı quradı. Bunda hár-qıylı jastağı qaramallar sawdası **90,7 mlrd.** som,qoy hám eshkiler – **19,3 mlrd.** somdı, atlar – **1,6 mlrd.** somdı, quslar – **0,9 mlrd.** somdı quradı.

## Shólkemlespegen sawda aylanısında sharwa malları (quslar) sawdası kólemi hám úlesi

| | | |
|---|---|---|
| 2 jastan úlken bolǵan qara mallar | 35,5 mlrd. som | 31,6% |
| 1 jastan 2 jasqa shekem bolǵan jas mallar | 25,9 mlrd. som | 23,0% |
| 1 jasqa shekem bolǵan qaramallar | 29,3 mlrd. som | 26,0 % |
| Qoylar | 12,2 mlrd. som | 10,8 % |
| Atlar | 1,6 mlrd. som | 1,4% |
| Eshkiler | 7,1 mlrd. som | 6,3% |
| Túye tawıq, úyrek, ǵaz | 0,6 mlrd. som | 0,5 % |
| Tawıqlar | 0,3 mlrd. som | 0,3 % |
| Qoyanlar | - mlrd. som | -% |
| Quslar | - mlrd. som | -% |

2024-jıl 1-aprel jaǵdayına ulıwma awqatlanıw tarawındaǵı sawda kárxanaları sanı 1051 dananı qurap, sonnan kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı 1 051 dananı quraydı.

| | Jámi mlrd. som | 2023-jıl yanvar-mart aylarına salıstırǵanda, procentte |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **72,4** | **106,8** |
| Nókis qalası | 28,7 | 107,2 |
| rayonlar: | | |
| Ámiwdárya | 3,3 | 105,9 |
| Beruniy | 2,1 | 105,7 |
| Bozataw | 0,2 | 106,7 |
| Qaraózek | 2,0 | 106,2 |
| Kegeyli | 0,8 | 106,1 |
| Qońırat | 18,1 | 106,5 |
| Qanlıkól | 0,9 | 106,3 |
| Moynaq | 0,3 | 108,2 |
| Nókis | 0,7 | 107,0 |
| Taqıyatas | 1,8 | 107,3 |
| Taxtakópir | 0,5 | 107,3 |
| Tórtkúl | 4,7 | 106,6 |
| Xojeli | 4,2 | 106,6 |
| Shımbay | 2,0 | 106,9 |
| Shomanay | 0,3 | 106,9 |
| Ellikqala | 1,8 | 108,0 |

2024-jıldıń yanvar-mart aylarında awqatlanıw kárxanalarınıń sawda aylanısı **72,4 mlrd.** somǵa jetti. 2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **106,8 %** ke kóbeydi. Bunda sawda aylanısıınıń **100,0** % úlesi kishi biznes hám jeke isbilermenlik subyektleri úlesine tuwrı keldi

# Avtotransport quralları hám olardıń awısıq bólekleriniń kótere sawda hám usaqlap satıw tovar aylanısı

Aymaqlar kesiminde maǵlıwmat

| | Kólem, mlrd. som | Úlesi, procentte |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **443,0** | **100,0** |
| Nókis qalası | 291,5 | 65,8 |
| rayonlar: | | |
| Ámiwdárya | 6,1 | 1,4 |
| Beruniy | 93,8 | 21,2 |
| Bozataw | 0,2 | 0,1 |
| Qaraózek | 0,4 | 0,1 |
| Kegeyli | 37,6 | 8,5 |
| Qońırat | 0,5 | 0,1 |
| Qanlıkól | 0,3 | 0,1 |
| Moynaq | 0,4 | 0,1 |
| Nókis | - | - |
| Taqıyatas | 1,2 | 0,3 |
| Taxtakópir | 0,2 | 0,0 |
| Tórtkúl | 4,6 | 1,0 |
| Xojeli | 1,1 | 0,2 |
| Shımbay | 2,7 | 0,6 |
| Shomanay | - | - |
| Ellikqala | 2,7 | 0,6 |

Bul kórsetkishti aymaqlar kesiminde salıstırǵanda eń joqarı kólem Nókis qalası (**291,5 mlrd.** som), Beruniy (**93,8 mlrd.** som) hám Kegeyli (**37,6** mlrd. som) rayonları úlesine tuwrı kelmekte.

## Avtotransport qurallarí hám olardıń awısıq bólekleri kótere sawda hám usaqlap satıw tovar aylanısı
*(mlrd. som)*




2024-jıl 1-aprel jaǵdayına avtotransport quralları hám olardıń awısıq bólekleri kótere sawda hám usaqlap satıw tovar aylanısı (*IFUT-2 45-bólim 45.2 va 45.40.3 kodlarına tısqarı–motorlı transport quralları hám motocikllardı ońlaw hám texnikalıq xızmetler)* **443,0 mlrd**. somdı quradı hám ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **116,5%** ke kóbeydi. Sonday-aq, iri kárxanalar sawda kólemi **168,7 mlrd**. som (ósiw páti-**106,4 %)**, kishi isbilermenlik hám jeke isbilermenlik sawda kólemi – **274,3 mlrd.** somdı (ósiw páti – **123,8 %**) quradı.

## Avtotransport quralları hám olardıń awısıq bólekleri kótere sawda hám usaqlap satıw aylanısı ósiw páti, *procentte*



**Kótere sawda tovar aylanısı** – bul tovarlar ushın haq tólenetuǵın yáki tólenbegenligine qaramastan, qayta satıw maqsetinde satıp alınǵan hám isbilermenlik tarawında paydalanıw yáki óz paydalanıwı (qayta islew) ushın úshinshi tárep shólkemleri hám jeke tártiptegi isbilermenlerge ózgertilmegen jaǵdayda jiberilgen tovarlardıń qunı esaplanadı

## Aymaqlar kesiminde kótere sawda tovar aylanısı , *mlrd. somda*




Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında kótere sawda tovar aylanısı **873,6 mlrd**. somdı qurap, 2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **18,4 %**ti quradi.

## Sawda aylanısı úlesi




**Iri kárxanalar**

**Mikrofirma hám kishi kárxanalar**

Kishi biznes subyektleriniń kótere sawda aylanisindaǵi úlesi statistikaliq esaplarǵa qaraǵanda **685,2 mlrd.** somdı qurap, 2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda **104,2 %** ke tuwrı keldi. Respublikada usı sektordıń kótere sawda kólemindegi úlesi **78,4%** ti quraydı.

# KÓTERE SAWDA AYLANÍSÍNDA IRI KÁRXANALAR HÁM KISHI BIZNES SUBYEKTLERINIŃ KÓLEMI HÁM ÓZGERIW PÁTLERI

2024-jıl 1-aprel jaǵdayına kótere sawda tarawınada sawda kárxanaları sanı **1012** dananı qurap, sodan, iri kárxanalar sanı **5 dananı**, kishi kárxanalar hám mikrofirmalar sanı **1007** quraydı.

Kótere sawda tovar aylanısında joqarı ósiw pátlerine eń iri kárxanalar Nókis qalasında (**118,5%**) hám Taqıyatas rayonında (**62,0%**) gúzetildi

| | Jámi mlrd. som | 2023-jıl yanvar-mart aylarına salıstırǵanda, procentte |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikasi** | **873,6** | **118,4** |
| Nókis qalası | 349,4 | 101,4 |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 18,6 | 96,8 |
| Beruniy | 52,2 | 98,1 |
| Bozataw | 0,7 | 96,1 |
| Qaraózek | 7,8 | 98,0 |
| Kegeyli | 1,1 | 74,8 |
| Qońırat | 28,1 | 99,6 |
| Qanlıkól | 148,5 | 1 407,2 |
| Moynaq | 23,6 | 103,7 |
| Nókis | 23,8 | 103,9 |
| Taqıyatas | 77,5 | 87,0 |
| Taxtakópir | 8,6 | 104,7 |
| Tórtkúl | 62,3 | 102,4 |
| Xojeli | 23,2 | 104,7 |
| Shımbay | 22,4 | 102,5 |
| Shomanay | 0,9 | 104,8 |
| Ellikqala | 24,9 | 106,7 |